

ODYANS KONSÈY VIL LA MODÈNIZASYON ATIK 80 AN

15 Jiyè 2024



Planning Department


CITY of BOSTON

KISA ATIK 80 AN YE?

“Atik 80” an se yon seksyon nan Kòd Dekoupaj Zòn Boston nan. Li gouvène pwosedi ki gen rapò ak revizyon regilasyon pwojè devlopman yo.

Aktyèlman, pwosedi sa yo aplike pou pwojè ki gen omwen 15 inite lojman, oswa ki gen yon sipèfisi ki siperyè ak 20,000 pye kare.

Revizyon devlopman an rasanble plizyè aktè konsène pou evalye kolektivman enpak pwojè devlopman yo epi detèmine mezi diminisyon ansanm ak avantaj kominotè apwopriye yo



AMELYORASYON PWOSESIS REVIZYON DEVLOPMAN NOU AN

Modènizasyon Atik 80 an se yon inisyativ Depatman Planifikasyon an te dirije epi de ekip konsiltan te sipòte pou revize, analize, ak rekòmande amelyorasyon nan kòd teknik, operasyon, ak pratik angajman kominotè yo ki gen rapò ak pwosesis revizyon devlopman nou an.

Poukisa nou fè sa kounya?



Manm kominote yo, devlopè yo, ak pèsònèl la yo tout dakò pwosesis revizyon devlopman Atik 80 Depatman Planifikasyon an demòde, enprevizib, epi li manke transparans.



Majistra Wu, nan diskou li an 2023 sou Eta Vil la ak atravè lòd egzekitif li, te mande ansyen Ajans Planifikasyon ak Devlopman Boston (Boston Planning & Development Agency, BPDA) pou kreye ak aplike yon pwosesis revizyon devlopman refòme k ap amelyore fason kominote yo, devlopè yo, ak depatman planifikasyon an travay ansanm pou fòme vil la.

OBJEKTIF AK DOMÈN ENTÈVANSYON PWOJÈ

MODENIZASYON ATIK A80 AN

OBJEKTIF PWOJÈ YO

Yon pwojè devlopman ak pwosesis revizyon ki reyisi se sa yo ki...

- 1) **Favorize objektif tout vil la** an tèm aksesibilite, rezilyans, ak ekite
- 2) **Koresponn ak vizyon planifikasyon** pou zòn nan
- 3) **Transparan, klè, epi ki fasil pou angaje yo**
- 4) **Favorize kwasans** pandan y ap kreye yon pwosesis previzib

DOMÈN ENTÈVANSYON PWOJÈ A

Angajman Kominotè

- Reyalize yon angajman enklizif, analiz kondisyon ki egziste deja, ak rechèch sou metòd angajman nan vil kanmarad yo
- *Ekip Konsiltan:* Archipelago Strategies Group (ASG), Rivera Consulting, Lazu Group

Operasyon ak Kòd

- Ankèt, analiz kondisyon ki egziste deja, epi rechèch sou vil kanmarad konsènan operasyon, diminisyon, kòd dekoupaj zòn, ak sistèm done
- *Ekip Konsiltan:* Matrix Consulting Group, Stantec, ZoneCo, Cynthia Barr



KALANDRIYE PWOJÈ A


2023

2024

2025

KALANDRIYE PWOJÈ A

ANGAJMAN



ANGAJMAN KOMINOTÈ AK AKTÈ KONSÈNE YO

FAZ 1

- 2,600 repons ankèt (atravè 4 ankèt)
- Plis pase 50 gwoup diskisyon (manm Gwoup Konsiltatif sou Enpak [Impact Advisory Group, IAG], devlopè, enstitisyon, travayè, pèsònèl vil, avoka, gwoup sivik)
- 2 reyinyon piblik (an pèsòn ak sou Zoom)
- 12 Reyinyon Komite Jesyon



Sansibilizasyon manm IAG

- Plis pase 220 repons espesifik nan ankèt la
- 4 gwoup diskisyon dedye

FAZ 2

- Konsantrasyon sou kòmantè detaye sou pwopozisyon preliminè yo
- 10 atelye. 8 reyinyon an pèsòn nan tout vil la ak 2 reyinyon vityèl
- Brighton
- Downtown
- Dorchester
- South Boston
- 230 repons ankèt
- 11 gwoup diskisyon (manm IAG, devlopè, enstitisyon, travayè, pèsònèl vil, avoka, gwoup sivik)
- Fenway
- East Boston
- Roslindale
- Roxbury



Sansibilizasyon Trè Laj


- Kanpay sansibilizasyon nimerik
- Distribisyon feyè an pèsòn nan tout vil la




DEMOGRAFI ANKÈT KOMINOTÈ

Patisipan yo ki nan pwosesis revizyon devlopman aktyèl la pa nesesèman reprezantan Boston. Metòd sansibilizasyon yo itilize jodia konsène prensipalman pwopriyete kay yo, rezidan ki la depi lontan yo, ak rezidan blan yo.

Demografi moun ki reponn nan Ankèt sou Patisipan ki egziste deja yo:



- 80% Blan
- 75% Pwopriyete kay
- 70% Rezidan ki la depi lontan yo (plis pase 20 lane)
- 56% Plis pase 55 lane

VIL BOSTON AN JENERAL 

- 51% Moun ki pa blan
- 68% Lokatè
- 62% Granmoun ki gen mwens pase 60 lane

Nouvo metòd angajman yo teste nan kad pwojè sa a atenn plis patisipan divès

Demografi moun ki reponn nan Nouvo Ankèt sou Patisipan yo:

- 80% Moun ki pa blan
- 88% Lokatè
- 22% Plis pase 55 lane
- 40% Mwens pase 35 lane

Prensipal baryè patisipasyon:




“Pa genyen tan”




“Reyinyon yo pa akeyan” oswa “Reyinyon yo pa aksesib”


REZILTA ANKÈT KOMINOTÈ




nan patisipan kominotè yo te di BPDA ta dwe **adopte yon apwòch ki pi estanda pou diminisyon**




nan patisipan kominotè yo **konprann kòman yo itilize kontribisyon yo kounya**



nan patisipan kominotè yo te endike "**refòm gwoup konsiltatif**" se youn nan pi gwo priyorite yo



nan patisipan aktyèl yo ta renmen **plis opsyon angajman**



nan nouvo patisipan yo te di rezon prensipal ki fè yo pa patisipe se paske yo **pa gen tan pou yo patisipe nan reyinyon piblik yo lasemèn nan aswè**



REZILTA ANKÈT SOU AKTÈ KONSÈNE DEVLOPMAN YO

Rezilta kle yo: 97 repons (kolekte nan yon lis ki gen apeprè 400 sipòtè pwojè aktyèl ak resan, ki gen ladan devlopè, enstitisyon, avoka, ak konsiltan). Moun ki reponn yo te mete aksan sou nesosite pou previzibilite nan pwosesis, kalandriye, ak diminisyon enpak yo.

- Kalandriye ak previzibilite se pwoblèm ki pi enpòtan yo
- Ekip pwojè yo resevwa kòmantè kontradiktwa nan men diferan ekip revizyon, yo pa toujou kominike kòmantè yo nan bon moman epi yo pa klèman lye ak priyorite vil la an jeneral
- Pwosesis diminisyon an pa konsistan
- Gwoup Konsiltatif sou Enpak yo pa toujou bay kòmantè pwodiktif oswa avantaj
- Bon jesyonè pwojè yo gen anpil valè

Kesyon sou Ankèt	Dakò	Pa ni dakò ni pa dakò	Pa dakò
Dire tan pou trete aplikasyon mwen an te previzib	4%	10%	86%
Kote kòmantè yo sou pwojè mwen an te kontradiktwa, pèsònèl BPDA a te ede m rekonsilye yo pou m te kapab avanse pwojè mwen an.	17%	19%	64%
Apwòch vil la an tèm diminisyon rete konsistan soti nan yon pwojè pou ale nan yon lòt pwojè	11%	24%	65%
Kòmantè Gwoup Konsiltatif sou Enpak Pwojè (IAG) a oswa lòt gwoup konsiltatif ki konpetan yo te pèmèt yo detèmine mezi diminisyon ki apwopriye pou pwojè a	26%	36%	38%

“**sa fèt byen, [Atik 80] an kapab rasanble diferan ajans ak depatman pou fè kòmantè an menm tan epi pandan menm pwosesis la.**”

-Repons devlopè ankèt la

”



RECHÈCH SOU VIL KANMARAD



ANGAJMAN

Vil yo
etidye yo

Baltimore, Philadelphia, Seattle, Toronto,
Vancouver

Ansèyman
pou Boston

**Pa gen yon pi bon pratik konsistan
pou angajman kominotè.**

Gen kèk vil ki entegre kòmantè kominote a pi bonè nan pwosesis revizyon devlopman an (Seattle, Pittsburgh). Gen kèk ki kreye gwoup konsiltatif ki gen yon domèn entevansyon ki pi laj pase yon sèl pwojè oswa yon katye. (Baltimore, Toronto).



DIMINISYON

Atlanta, Cincinnati, Denver, Detroit, Miami,
Philadelphia, Portland (Oregon, OR), San
Francisco, Seattle, Vancouver

**An tèm diminisyon Boston se yon ka
klèman espesyal.**

Boston anrejistre rezilta ki eksepsyonèlman gran epi divès. Diferan vil adopte diferan apwòch selon kontèks devlopman yo. Gen kèk ki itilize ensitasyon (kawòt) tandiske gen lòt ki itilize manda (baton). Pwosesis ki pi previzib ak transparan se yon sistèm frè enpak (tankou IDP).



OPERASYON

Denver, Ft Worth, Minneapolis, Vil New
York (New York City, NYC), Oakland,
Pittsburgh, Portland (OR), San Diego,
Seattle

**Tout vil yo etidye yo ofri yon
pwosesis “revizyon an menm tan”
pou amelyore efikasite.**

Sa vle di fè tout etap revizyon ak vòt yo an menm tan, sa ki ede evite repetisyon etap epi atenn yon dire ki pi previzib.



PWOPOZISYON PRELIMINÈ | CHANJMAN FONDAMANTAL

EFIKAS ANGAJMAN

01

Divesifye Kontribisyon nan Devlopman

Pandan n ap agrandi opòtinite pou patisipasyon kominote a

ESTANDA KONSISTAN

02

Elimine Konfli nan Apwobasyon yo

Pandan n ap estandarize diminisyon ak avantaj kominotè yo

REVIZYON KOWÒDONE

03

Evite 3 Etap an Avan, 2 Etap Dèyè

Atravè yon pwosesis apwobasyon transparan, sekansyèl ak kowòdone



ELAJI METÒD ANGAJMAN KOMINOTÈ

ANGAJMAN EFIKAS

PWOPOZISYON

ENTWODWI NOUVO METÒD ANGAJMAN POU REDWI BARYÈ POU PATISIPASYON



FEYÈ AK
SIYALIZASYON SOU
SIT DEVLOPMAN AN



ANKÈT NIMERIK



PWOMNAD GIDE AK
VIZIT SOU SIT
DEVLOPMAN AN



TAB ENFÒMASYON NAN SANT
KOMINOTÈ OUBYEN PANDAN
YON EVÈNMAN KATYE

EGZIJE ANGAJMAN PREKÒS DEVLOPÈ YO

Kreye pratik ki konsistan pandan y ap egziye tout devlopè yo soumèt yon Plan Angajman kòm premyè etap nan pwosesis revizyon an, ansanm ak yon Rapò Angajman ki dokimante rezilta yo




NOU TANDE KÒMANTÈ PATISIPAN ATELYE NOU YO...

“
Pou atenn yon gwoup divès, efò
sansibilizasyon yo dwe divèsifye
-Manm Kominote, Dorchester
”


Kesyon sou Ankèt:

Kòmman ou ta renmen jwenn enfòmasyon sou pwojè devlopman yo pwopoze nan katye w la?



Kesyon sou Ankèt:

Kòmman ou ta renmen pataje kòmantè ou yo sou pwojè yo?



KREYE EKIP KONSILTATIF KOMINOTÈ

ANGAJMAN EFIKAS

PWOPOZISYON RANPLASE IAG AK FÒS TRAVAY YO PA NOUVO EKIP KONSILTATIF KOMINOTÈ (COMMUNITY ADVISORY TEAMS, CAT)

Yon Ekip Konsiltatif Kominotè se yon lide pou yon nouvo kò konsiltatif ki ta ka travay dirèkteman avèk Vil la pou bay ekspètiz ki baze sou kominote a

NOU TANDE KÒMANTÈ PATISIPAN ATELYE NOU YO...

Gwoup konsiltatif yo bezwen pou Vil la fè pi gwo investisman


Egzanp, fòmasyon pou patisipan yo, ansanm ak sèvis gadri epi alokasyon

“ Mwen kontan wè kèk nan chanjman yo, sitou sa yo ki vize pou elimine baryè ki anpeche moun kapab jwenn aksè nan resous tankou gadri ”

- Manm Kominote Allston Brighton

Enpòtan pou reflekte divèsite Boston atravè plizyè karakteristik diferan

Kesyon sou Ankèt:
Ki kategori demografik nou ta dwe sonje lè n ap devlope CAT?



Laj



Estati
Lojman




Dire manda

Gen nesosite plis angajman pou kreye gwoup ki rasanble pèspektiv inik yo


Kesyon sou Ankèt:
Ki tip ekspètiz ki ta ka pi itil pou genyen nan gwoup sa yo?



Ekspètiz ak
reprezantasyon lokal
enpòtan



Lidè kominotè ak manm
gwoup sivik ki egziste
deja yo



Pwopriyetè
biznis lokal yo



KREYE EKIP KONSILTATIF KOMINOTÈ

ANGAJMAN EFIKAS

KÒMAN SA A DIFERAN PA RAPÒ AK GWROUP KONSILTATIF KI EGZISTE DEJA YO?

	Gwoup Konsiltatif sou Enpak (IAG)	Ekip Konsiltatif Kominotè (CAT)
Domèn Entèkansyon	Revize pwojè endividyèl yo	Revize yon gwoup pwojè nan yon domèn
Preparasyon	Pa gen fòmasyon	Fòmasyon pou devlope yon baz laj ekspè sitwayen an patenarya ak CBO yo
Sipò	Responsab pwojè yo jere IAG nan kad fonksyon yo Pa gen estanda an tèm aksesibilite	Yon pèsònèl devwe ki ede ekip yo òganize epi fasilite diskisyon yo Reyinyon yo ofri gadri, tradiksyon, ak alokasyon pou patisipasyon
Estanda	Wòl ki pa klè, atant ak règ enkonsistan an tèm reyinyon Pa gen limit manda	Wòl revizyon, kòd kondwit, ak règ konfli an tèm enterè ki klè epi aplike Manda fikse avèk yon limit manda
Patisipasyon	Pa gen estanda pou divès reprezantasyon	Patisipasyon ki divès epi ki laj atravè yon seleksyon o aza ki baze sou sitiyasyon lojman, laj, ekspètiz kominotè, elatriye.



KREYE NOUVO DEFINISYON DEKOU PAJ ZÒN

ESTANDA KONSISTAN

APWÒCH

Etabli yon **liy ki klè epi ki previzib ant mezi diminisyon ak avantaj kominotè yo**
Koresponn ak kad jiridik etabli yo itilize nan vil kanmarad yo
Idantifye epi diminye depasman atravè nouvo zouti yo

DEFINISYON PWOPOZE:



DIMINISYON

Rekonstitisyon byen ak sèvis piblik ki te konsome oswa afekte dirèkteman atravè efè ekstèn dirèk yon pwojè pou kenbe kantite ak kalite aktyèl byen ak sèvis piblik yo.



AVANTAJ KOMINOTÈ

Kontribisyon volontè yon devlopè pou amelyorasyon byen ak sèvis piblik yo.



KREYE ENFRASTRIKTI

Eleman enfrastrikti ki nesès pou reyalizasyon pwojè a, tankou amelyore enfrastrikti dapre estanda vil la. Egzanp, egzijans ki sou sit la oswa touprè yo dwe konfòme yo ak estanda Lwa Ameriken sou Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA).



MIZAJOU KRITÈ ELIJIBILITE

ESTANDA KONSISTAN

TIP PWOJÈ	PWOPOZISYON POU MEZI DIMINISYON ESTANDARIZE
Ti Pwojè Tipik	baze sou fòmil
Gwo Pwojè Tipik	baze sou fòmil
“Trè Gwo” Pwojè	Fleksib
Gwo Pwojè Enstitisyonèl	Fleksib
Pwojè Konplètman Abòdab	Egzanpsyon

1

Kad estanda a aplike nan pwojè “tipik” yo pou etabli previzibilite atravè majorite pwosesis revizyon devlopman.

2

Yo itilize yon **apwòch negosye** pou pwojè konplèks yo, pou sa ki gwo yo, epi ki gen gwo valè ak plan prensipal yo.

3

Pwojè ki konstitiye yon avantaj pou tèt yo **egzante** pou bay diminisyon ak avantaj kominotè

ESTANDARIZE DIMINISYON AK AVANTAJ KOMINOTÈ YO

ESTANDA KONSISTAN

DIMINISYON

(AN NATI AK AN ESPÈS)

PWOPOZISYON

Ajoute de nouvo kategori diminisyon, anplis IDP ak Lyezon

- Transpò ak enfrastrikti
- Domèn piblik ak espas ouvè

AVANTAJ KOMINOTÈ

(AN NATI AK AN ESPÈS)

PWOPOZISYON

Kreye yon “meni opsyon” pandan y ap itilize kategori estanda ki baze sou planifikasyon resan ak bezwen kominotè yo



Plan Vil ak Katye yo, Evalyasyon Bezwen yo, Politik Vil yo

NOU TANDE KÒMANTÈ PATISIPAN ATELYE NOU YO...

Sèlman 11% ki dakò:

Apwòch vil la an tèm diminisyon rete konsistan soti nan yon pwojè pou ale nan yon lòt pwojè

Lojman, espas ouvè, ak transpò se twa kategori ki pi enpòtan pou diminisyon ak avantaj kominotè

64%

Lojman

59%

Transpò

64%

Espas Ouvè



MIZAJOU SEKANS KLASMAN AK KALANDRIYE

REVIZYON KOWÒDONE

PWOPOZISYON

MIZAJOU SEKANS KLASMAN

nan kat etap klè ki koresponn ak estanda endistri yo ak pi bon pratik vil kanmarad yo




KONDISYON KI EGZISTE DEJA

Plis pase 75% nan ti pwojè yo ak 80% nan gwo pwojè yo pa te respekte kalandriye kòd la enpoze depi 2014

Poukisa kalandriye legal yo pa respekte


- Peryòd kòmantè pwolonje ak demann pou pwolongasyon
- Negosyasyon diminisyon
- Pwojè yo jeneralman pi gwo epi pi konplèks jodia

NOU TANDE KÒMANTÈ AKTÈ KONSÈNE EKSTÈN NOU YO SOU ANKÈT...



Dakò:

Dire tan pou trete aplikasyon mwen an te previzib



Dakò:

Dire tan pou trete aplikasyon mwen an te satisfè atant mwen yo




ADAPTE SISTÈM ENTÈN AK PRATIK JESYON YO

REVIZYON KOWÒDONE

PWOPOZISYON

KREYE EKIP REVIZYON KOWÒDONE

- Òganize ekip atravè departman vil yo
- Dirije sou lidèchip yon manm pèsonèl ki gen eksperyans nan revizyon devlopman
- Revize yon pòtfèy pwojè ki sanblab
- Klarifye wòl lòt departman vil yo
- Aplike yon jesyon ki baze sou done ak rapò pèfòmans



PWOCHEN ETAP | PLAN AKSYON

**EFIKAS
ANGAJMAN**

01

**Divèsifye Kontribisyon nan
Devlopman**

*Pandan y ap agrandi opòtinite
pou patisipasyon kominote a*



**ESTANDA
KONSISTAN**

02

**Elimine Konfli nan
Apwobasyon yo**

*Pandan n ap estandarize mezi
diminisyon
ak avantaj kominotè yo*



**REVIZYON
KOWÒDONE**

03

**Evite 3 Etap an Avan
2 Etap Dèyè**

*Atravè yon pwosesis
apwobasyon transparan,
sekansyèl ak kowòdone*



PLAN AKSYON

- Rezilta Angajman
- Analiz vil kanmarad
- Analiz Kondisyon Ki egziste
deja
- Pwopozisyon preliminè



MATERYÈL REFERANS

ENFÒMASYON SOU PWOJÈ A

- [Paj wèb pwojè a](#)

Angajman:

- [Faz 1 Rezime Koute ak Rechèch](#)
 - [Rezilta Ankèt sou Eksperyans Kominotè yo](#)
 - [Rezilta Ankèt sou Baryè Kominotè yo](#)
 - [Rezilta Ankèt sou Devlopè yo](#)
- [Faz 1 Rezilta Ankèt sou Nouvo Lide yo](#)

Rechèch Vil kanmarad:

- [Rapò Rechèch Vil Kanmarad: Angajman](#)
- [Rapò Rechèch Vil Kanmarad: Diminisyon](#)

- **Kontak pou pwojè a:**

article80modernization@boston.gov

- **Nupoor Monani**

Direktè Adjwen Prensipal Revizyon Devlopman
nupoor.monani@boston.gov

- **Kristiana Lachiusa**

Direktè Adjwen Angajman Kominotè
kristiana.lachiusa@boston.gov

